
Basa Cina



Wangun karakter cithak kuna saka *zhongwen*

Basa Cina	
汉语/漢語；中文	
Asal	Cina, Taiwan, Singapura, Indonésia, Filipina, Malaysia, lan komunitas Cina liyané ing donya
Laladan	--
Panyatur asli	1,2 miliar (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Sino-Tibet **Basa Tionghoa**
Status resmi	
Basa resmi ing	Cina, Taiwan, Singapura
Diatur déning	ing Cina: berbagai badan (http://www.china-language.gov.cn/) (dalam basa Tionghoa) di Taiwan: Mandarin Promotion Council
Kodhe basa	
ISO 639-1	zh
ISO 639-2	chi (B) / zho (T)
ISO 639-3	–

Basa Cina (汉语/漢語, 华语/華語, atau 中文; pinyin: hànyǔ, huáyǔ, utawa zhōngwén) iku péranganing basawangsa Sino Tibet. Sanadyan akèh wong Cina nganggep manéka varian basa Cina lésan minangka siji basa, variasi sajeroning basa-basa lésan mau sabandhing karo variasi-variasi sing ana sajeroning umpamané basawangsa Rum; basa katulisé uga wis owah wanguné sairing karo lumakuning wektu, sanadyan luwih alon dibandhingaké karo wangun lisané. Mula saka iku, bisa ngluwihi variasi-variasi sing ana sajeroning wangun lisané.

Saperangan basa-basa Cina kang ana kayata basa Mandharin, basa Kwangtung, basa Wu (Syanghay), basa Kek (Ind: Hakka), basa Tyocyu (Ind: Tiociu), lan basa Hogkyen. Basa-basa mau amarga ana sing cedhak siji lan sijine kamangka bisa rada ameh padha sithik-sithik cara omonge lan bisa padha-padha dimangreteni. Ananging, manawa adoh kayata basa Hogkyen lan basa Mandharin kamangka cara omonge wis beda adoh. Dadi ora bisa padha-padha dimangreteni siji lan sijine kajaba yen wis sinau kanggo mangreteni owahing swara lan owahing teges tembung utawa pamilihing tembung.

Watara 1/5 sing andunungi donya migunakaké salah siji wangun basa Cina minangka panutur asli, mula yèn dianggep siji basa, basa Cina minangka basa kanthi gunggung panutur asli paling akèh ing donya. Basa Cina (dituturaké sajeroning wangun standaré, Mandharin) iku nagarabasaning Cina lan Taywan, salah siji saka papat nagarabasaning Singgapur, lan salah siji saka enem basa resmi PBB.

Uga delengen

- Basa Cina Kuna
- Basa Cina lésan
- Basa Cina katulis
- Aksara Cina

- Basa Mandharin
- Basa Hogkyen
- Basa Kwangtung
- Pratélan tembung silihan saka basa Cina sajeroning basa Jawa
- Basa Buyang

Rujukan

- Hannas, William. C. 1997. Asia's Orthographic Dilemma. University of Hawaii Press. ISBN 0-8248-1892-X (paperback); ISBN 0-8248-1842-3 (hardcover)
- DeFrancis, John. 1990. The Chinese Language: Fact and Fantasy. Honolulu: University of Hawaii Press. ISBN 0-8248-1068-6
- Norman, Jerry. 1988. Chinese. New York, NY: Cambridge University Press. ISBN 0-521-22809-3 (hardcover).

Pranala njaba



Èdhisi Chinese saka Wikipédia, bauwarna bébas

- Belajar basa Tionghoa (https://wikibooks.org/wiki/Chinese) (Basa Inggris): Sawijining wikibook.
- I Love Chinese (http://www.hellomandarin.com/ilovechinese/index.html) Basa Cina.
- Learn Chinese (http://www.learnmandarinonline.org) Belajar basa Cina.
- Kamus basa Tionghoa (http://www.asinah.net/china/indonesian.html) (dalam basa Indonésia, Hanzi yang Disederhanakan, Hanzi Tradisional)
